tarawlarınan xabardar bolıwı kerek. Sonıń menen birge, insanlardıń ishki keshirmelerin túr-túsinen biliw ónerin de iyelewi kerek.

Hár bir spektakldi saxnalastırıwdan aldın jańadan-jańa pikirlerge tayanǵan halda qızǵın tayarlıq kóriwi kerek. Ol hámme menen teńdey jumıs islep, hár bir aktyordıń ishki keshirmelerin tu'siniwi hám túsindire alıwı kerek. Rejissyor tayarlıq waqtında hámmenı bir maqset jolında birlestire alatuǵın ullı jetekshi bolıwı kerek. Ol aktyorlardıń talantınan, pikirlewin bir adım aldında júriwi kerek…" bul pikirler Murat Begimovtıń tájiriybesinen kelip shiǵıp aytılǵan sózler.

Prezidentimiz tárepinen M.Begimovtıń Qaraqalpaq quwırshaq teatrı milliy mádeniyatımızdı jetilistiriw jolındaǵı miynetlerin esapqa alıp, 2019-jılı "Doslıq" ordeni menen sıylıqlandı.

Juwmaqlap aytqanda, zamanagóy quwırshaq teatrınıń spektaklleri jas tamashagóylerge túsinikli, janr jaǵınan ráńbáreń, zaman talabına juwap bere alatuǵın, tolıq mazmunlı, ideyalıq jaǵınan jetik shıǵarmalar bolsa maqsetke muwapıq bolar edi. Bir sóz benen aytqanda, zamanagóy quwırshaq teatrı óneri ǵárezsiz Ózbekstannıń keleshegi bolǵan jas áwladtıń dúnyaǵa kózqarasın qáliplestiriwde, jaslardı Watanǵa sadıqlıq, ruwxıy bárkamal hám hár tárepleme jetik insanlar etip tárbiyalawda ózine tán tákirarlanbas áhmiyetke iye.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. D.Abdullaev, L.Usmanov. "Quwırshaq basqarıw tiykarları" Tashkent-2024. "Ilm-Ziyo-Zakovat".
2. Qodirov M., Qodirova S. Qoʻgʻirchoq teatri tarixi. – Toshkent: Talqin, 2006.
3. krmadeniyat.uz saytı.



**REZYUME.** Ushbu maqolada Qoraqalpoq qoʻgʻirchoq teatrida bir necha yillar davomida fidokorona faoliyat koʻrsatgan rejissyor Murat Begimovning hayoti va ijodi haqida soʻz yuritiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье рассказывается о жизни и творчестве режиссера Мурата Бегимова, который самоотверженно работал в Каракалпакском кукольном театре в течение нескольких лет.

**SUMMARY.** This article tells about the life and work of director Murat Begimov, who worked selflessly at the Karakalpak puppet theater for several years.


## АРАЛ БОЙЫ ЭКОЛОГИЯСЫ ТЕМАСЫН ҲУЖЖЕТЛИ КИНОДА СӘЎЛЕЛЕНДИРИЎ ФОРМАСЫ


**Тажадинова Гулжахан** – *филология илимлери бойынша философия докторы (PhD)*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*



**Таянч сўзлар:** экология, фильм, кино, тасвирли лента, кинокадр, план, ракурс.
**Ключевые слова**: экология, фильм, кино, фотолента, кинокадр, план, ракурс.
**Key words:** ecology, film, cinema, photographic tape, film frame, plan, angle.


Қарақалпақстан кинодокументалистлери Арал теңизи ҳәм Арал бойы экологиясын экран арқалы публицистикалық сәўлелендириўде бир қатар унамлы нәтийжелерге еристи.

Барлық фильмлер ушын улыўма әҳмийетке ийе болған қурғақшылық темасы авторлар тәрепинен публицистикалық формада тамашагөйлер жақсы қабыл ететуғын, суўға жақын ямаса оған қарама-қарсы образлар, мысалы теңиз, кеме, экипаж, сахра, түйе, түлки, қасқыр, шөлистан, қумлық, жантақ, сексеўил, ана сүти, кепкен еринлер, жап, шелек, қуман, кесе, фляга ҳәм тағы басқа образлар арқалы бериледи. Фильмлерде турақлы түрде ушырасатуғын кадр – қаҳарманлардың алысқа көз жиберип, ушы-қыйырсыз қумлықларға тигилген нәзери бул фундаменталлық машқала – суў жоқлығы мәселесин шешиўдиң илажы жоқлығын билдиреди ҳәм бул мәселе миллионлаған фильм тамашагөйлерин ойға салады.

Кино шығармалары формасына тийисли жоқары нәтийже туўры ўақыя болып атырған орын менен ўақыяның өзин ҳақыйқый сәўлелендиреди. Көпшилик фильмлердеги Арал ҳәм Арал бойы ҳаққындағы көп жыллық туўрыдан-туўры алып барылған хроникалық визуал репортажлардың бундай бир пүтин болып биригиўи авторлар сүўретке алып атырған ҳәдийселердиң ҳақыйқатқа сөзсиз туўры келетуғынлығын көрсетеди. Бул

нәтийжеге ҳәтте, ҳүжжетли фильмлер ерисиўи аңсат емес, себеби дүнья жүзилик ҳүжжетли фильм тәжирийбеси көрсеткениндей, авторлардың ўақыяларға араласыўы көбинесе шеннен тыс исшеңлик пенен алып барылып, нәтийжеде ҳақыйқатты бираз бурмалайды. Деген менен, қурып баратырған Арал образының терең мазмунлылығы ҳәм күшлилиги соншелли, қарақалпақ кино ғайраткерлериниң авторлық сүўретке алыў өзгешелиги сәўлеленип атырған көринислердиң ҳақыйқыйлық принципин бузбайды.

Миллий кинематографшылар ҳәрекетлениўши фото лента абзаллықларынан кинокадрлардың спецификалық өзгешеликлери сыпатында толық пайдаланады. Ҳүжжетли фильм хроника ишиндеги хрониканы аңлатыўына дыққат аўдара отырып, олар Арал апатшылығы ҳаққында тарийхый анық картиналар жаратады ҳәм бул процессте публицистикалық сәўлелендириў методын активлик пенен қолланады. Бул метод ҳәр түрли диалектлик ҳәм видео: контрастлық, қарама-қарсы қойыў, ири, орташа ҳәм узақлықтағы планлар, ракурслер үйлесимлилиги ҳәм т.б. методлар жәрдеминде жүзеге асады. Бундай қарама-қарсылық оригинал эпизодлар ҳәм улыўма кинолента дөретиў бойынша ең қолайлы публицистикалық методлардан бири болып, тамашагөйлердиң итибарын толық тартады ҳәм ең әҳмийетлиси, олардың ядында жақсы қалады.

Фильмлерде тек ҳүжжетли ҳәм публицистикалық образлар, белгилер ҳәм деталлар барлығын емес, ал олардың нәтийжели қолланылыўында атап көрсетиўимиз тийис, себеби бул кино ушын тамашагөйлерге тәсир көрсетиўдиң принципиал әҳмийетли усылы болып табылады.

Улыўма ҳүжжетли фильмлердиң, соның менен бирге олардың айырым ракурс ҳәм эпизодларының плакатлық (шақырықты билдириўши) характери дәстүрий тәсиршеңликке ийе.

Қарақалпақстан кинематографшылар фильмлеринде адамлар ҳәм теңиздиң, кеме ҳәм қумлықлар сүўретлениўиниң плакатлық характери көбинесе «инсаният тарийхындағы ең ири экологиялық апатшылықты» сәўлелендириўде публицистикалық улыўмаластырыўдың жоқары дәрежесине дейин барады.

Ярым әсирден аслам ўақыт ишинде дөретилген ҳүжжетли фильмлер жоқары дәрежели тәсиршеңликке ийе. Кино түсиретуғын камера сүўретке алыў ушын зәрүр нәрселер, яғный, адамлардың бет-әлпети ҳәм кийимлерин, кемелердиң тат басқан корпуслары, сес-семирсиз ҳәм шексиз қумлықларды кино дөретиўшилери қәлеген план ҳәм ракурслерде көрип, сәўлелендиреди. Ол керек көринислерди сканерлейди, образ ҳәм детальлар ишинен ең баслысын айырып, оны тамашагөйге жақынлатады. Көбирек кино дөретиўшилер суўсызлықтың мәлим бир өзгешеликлерин сүўретлеў мақсетинде таўып, фильмге киргизетуғын характерли детальлар үлкен роль ойнайды.

Фильмлерде, олардың ҳүжжетлилиги ҳәм видео қатары байлығы (тойынғанлығы) басым болады. Ҳүжжетли фильм авторлары тәрепинен экран ҳәм турмыс жақынласыўы шеберлик пенен шөлкемлестирилген. Суўсызлықтан жәбир көрип атырған адамлар, ҳайўанлар ҳәм өсимликлер дүньясы, балықшылық пенен тиришилик етиў тамамланыўы көрсетилген. Нәтийжеде тамашагөйлердиң көз алдынан Арал трагедиясының айқын ҳәм анық видео-жылнамасы өтеди. Аралдың жоқ болып баратырғанын өз көзи менен (визуал түрде) көрип, аңлап жетиў өзиниң картиналық характери себепли шешиўши әҳмийетке ийе болып, сөзсиз басқа тәсир көрсетиў усылларынан үстин болады.

Жуўмақлаў орнында соны айтыўымыз тийис, изертлеўлеримиз көрсеткениндей, фильм авторлары кино өнериниң, фильмлердиң публицистикалық полифониясы, композиция ҳәм монтаж шеберлиги, тема ҳәм образдың синхронлық шығыўы сыяқлы қурамалы формаларынан көп пайдаланады. Олар киноның сүўретлеўши қуралларын нәтийжели түрде ислетеди, ал олар дөреткен фильмлер болса әзелден киятырған, қурамалы стилистикалық ҳәм жанрлық генетикаға ийе.

Тамашагөй аудитория пикирин оятып, тәсиршеңлик пайда етеди, оның жәрдеминде дүзилген визуал рельефлер инсанлар ядында анық қалады, ал бул өз гезегинде олардың тәбият машқалаларына мүнәсибети өзгериўи, тамашагөйлердиң экологиялық билимлери ҳәм экологиялық сана-сезими өсиўи менен белгили бир дәрежеде байланыслы болады.

**Пайдаланылған әдебиятлар**
1. Аъзам Исоҳов. «Кинематография тарихи». Тошкент, 2019-й. 311-б.
2. G.Tajadinova. Monografiya. – Nokis. «Avangard-Baspa». 2024– 136-б.
3. Катлип С., Сентер А., Брум Г. Паблик рилейшнз. Теория и практика. 8-е изд. Пер. с англ. Уч. пос. – М.: Изд-й дом «Вильямс», 2003. – С. 336.
4. Ҳ.Муҳамедалиев "Сценарийнавислик маҳорати".–Тошкент. "Мусиқа". 2009 й.
5. Ҳ.Абулқосимова «Кино санъати асослари». Тошкент, 2010 й.

**РЕЗЮМЕ.** Мақола Қорақалпоғистонда ҳужжатли кино яратиш тажрибаси, вужудга келган анъаналар, фаолият жараёнидан келиб чиқадиган вазифалар, шунингдек, халқ экологик онги ва маданиятини ривожлантириш механизмини ишлаб чиқиш ҳақида.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассказывается об опыте создания документального кино в Каракалпакстане, сложившихся традициях, задачах, возникающих в процессе деятельности, а также о разработке механизма развития экологического сознания и культуры народа.

**SUMMARY.** The article describes the experience of creating documentary films in Karakalpakstan, established traditions, tasks arising in the process of activity, as well as the development of a mechanism for the development of environmental consciousness and culture of the people.

## КИНО – БАДИИЙ САНЪАТ ТУРИ СИФАТИДА

**Тилепов Қуатбай Нукусбаевич** – *ўқитувчи*
*Ўзбекистон давлат санъат ва маданият институти Нукус филиали*

**Таянч сўзлар:** кино, санъат, усуллар, характер, ҳусусият.
**Ключевые слова:** кино, искусство методы, персонаж, индивидуальность.
**Key words:** movie, art, methods, character, feature.

Инсоният қадим-қадимдан санъатга, ижодга ўзига ҳос иштиёқ билан қораган. Одамзот аввалдан ёриқ кунга ишониш ва бу ишонишни тарбияловчи ва мустаҳкамловчи восита бўлган санъатга асрлар давомида яшаш учун курашишда ва фақат олға интилишга асос бўлган.

Президентимиз Шавкат Мирзиёев таъкидлаганидек: «Жаҳон миқиёсида ҳар қил идея ва идеологиялар кураши, одамлар айниқса ёшларнинг қалби ва онгини эгаллаш учун ҳар хил кўчлар ўртасида рақобат кескин тус олган бугунги кунда энг оммавий саънат бўлган кинонинг беқиёс имкониятларидан самарали фойдаланишимиз керак»! [1. №47-сон] Бу кўрсатилган эътибор фақат ўзбек киноси, балки қорақалпоқ киноси учун ҳам аҳамиятли воқеа бўлиб, унинг янада ривожи учун яна бир асос бўлиб хизмат қилмоқда. Кино ўзининг оммавий ва томошавинлиги билан кенг тарқалган санъант тури. Ҳозирги кунда пойтахтда, туман марказларида ҳам давлат ва нодавлат киностудиялар ташкиллаштирилган.

Қорақалпоғистон киноҳужжатчилар ҳар доим миллий ва янада кенгроқ томошабинлар оммасига таъсир қилишининг янгича усулларини кашф қилаётганликлари ва изланишда эканликлари барчамизга маълум. Бу янгича методларни қўллашда англанадиган узлуксиз ва табиий ижодий жараёндир. Киноплакат образлилик шакллари ичида асосий ўрин эгаллайди.

«Кино» сўзлиги муаллифлари ҳужжатшунослар фаолиятида кинолавҳаларнинг муҳимлигини атаб ўтадилар. Вьетнам ва Кубалик киноҳужжатчилар мисолида улар панораммаликнинг яна бир хусусияти– етказилаётган образнинг лавҳалилигига (плакатлилигина) диққат қаратади.

Улар ўткир публицистик француз калонизаторлари ва америкалик агрессияга қарши кураш йилларидаги мураккаб шароитларда тасвирга олинган. Вьетнам ҳужжатли фильмларига хос Жаҳон ҳужжатли киносида кубалик режиссёр С.Альвари ижоди алоҳида аҳамиятга эга. («Ханой, Сешамба 13», 1967, «Генерал қайтарзда ва не учун ўлдирилди?»», 1970 ва ҳ), унинг фильмларида ижтимоий-сиёсий тақминнинг теранлиги ўткир плакатли, кескин зиддиятли монтаж ритми билан боғланади». [2.129]

Биз плакатлилик, яъни бирор нарсани (кема, саксовул, қумлар, бош кийим, ояқ кийим, қора уй ва ҳ.) баъзан бир неча бор